

Sistèm agwoforestye ki chita sou kakawo ak kafe nan rejyon Batis nan Plato Santral, Ayiti

Nan kad pwojè agwoforestye « Zewo Kabòn » AYITI a, yon pati nan pwogram gwobal FO-RI* a, yon pwojè rechèch-aksyon¹ k'ap chèche mete sou pye divès kalite sistèm agwoforestye (SAF) ki chita sou kafe ak kakawo. Nan lane 2024-2025 inyon Koperativ Kafe Batis (UCOCAB/IKOKAP), ki gen volonte pou ranfòse li nan agwoforestye, te travay nan tèt kole ak Inivèsite Kreytyèn Nò Ayiti (UCNH/IKNA) nan lide pou analize zòn y ap fè etid sou li a, sou fètilite tè yo ak sou abidid agrikiltè ak agrikiltis yo pou rive jwenn pi bon sistèm agwoforestye (SAF) pou rejyon an.

Inovasyon - Definisyon modèl twa sistèm agwoforestye divèsifye k ap mache byen nan zòn Batis selon diferan votè

Objektif pwojè rechèch-aksyon sa a, se te rann pi bon sistèm agwoforestye divèsifye yo k ap mache byen ak filyè kafe a epi reyalize yo sou moso tè ki degrade pandan n ap devlope kilti kakawo nan zòn ki ba yo, selon prensip agwo-ekolojik yo.

Nan chita pale ak kominote yo, nou te idantifye sa ki pi enpòtan ki mande pou aji sou yo ak solisyon agwo-ekolojik pou lite kont deforestasyon, tè yo k ap degrade ak chanjman klimatik. Pwojè sa ofri opòtinite tounèf pou ede fanmi k ap fè agrikilti yo jwenn manje ak devlope nouvo mache tankou kakawo a.

¹ Pwojè ki marande rechèch ak aksyon sou tèren pou pote solisyon.



METODOLOJI



Analiz tè agrikòl yo

- 91 ankèt patisipativ fèt sou fason agrikiltè ak agrikiltis yo travay tè ak seri defi y ap fè fas;
- 30 kawo tè chwazi pami manb koperativ lokal yo ki fè pati rezo UCOCAB/IKOKAP kritè ki etabli yo;
- Vizit ak analiz jaden yo (nivo degradasyon tè a, lonbwaj, pant, nan wotè yo plase, kantite pyebwa ki sou tè a, elatriye);
- Pran done jewografik ak fè foto espas la;
- Pran enfòmasyon yo nan yon fòmilè ki nimerize.

Chwa tip sistèm agwoforestye (saf) selon wotè a

- Zòn ki ba (pi ba pase 900 mè) : yon sistèm ki gen kakawo kòm baz ak lòt plant tankou (pyebwa ki bay fwi + plant ki bay gous + bannann + pyebwa ki bay lombraj + kilti ki bay viv yo (tankou mayi, pwa, yanm));
- Zòn ki pa ni twò wo ni twò ba (ant 900 - 1200 mè) : kafe + kakawo kòm baz ak lòt plant tankou (pyebwa ki bay fwi + plant ki bay gous + bannann + pyebwa ki bay lombraj + kilti ki bay viv yo (tankou mayi, pwa, yanm));
- Zòn ki wo (pi wo pase 1 200 mè) : sistèm ki chita sou kafe (pyebwa ki bay fwi + plant ki bay gous + bannann + pyebwa ki bay lombraj + kilti ki bay viv yo (tankou mayi, pwa, yanm)).



Enplantasyon

- Chwazi plant ki mache ak kafe epi ak kakawo selon disponibilite yo, si yo adapte ak zòn nan epi si li fasil pou yo multipliyè yo nan pepinyè lokal yo;
- Jere 9 pepinyè nan rejyon an (ki gen plis pase 120 000 plantil kafe, 15 000 pye kakawo, 500 pyebwa ki bay fwi ak 8 000 pyebwa forè);
- Preparasyon jaden yo ak enstalasyon abri ki p ap dire (bannann ak pwa kongo (Kajanis kajan));
- Plante nan sistèm agwoforestye yo pandan sezon lapli;
- Kontwòl ak netwayaj jaden.

Ranfòsman kapasite agrikiltè ak agrikiltis

- Fòmasyon nan agwo-ekoloji, jesyon sistèm agwoforestye yo (jan pou fè tè a bay randman, taye branch, netwayaj), kijan pou jere pepinyè, elatriye;
- Kontwòl teknik tanzantan agwonòm ak teknisyen rezo a fè;
- Etid mache sou filyè kakawo a.

REZILTA RECHÈCH-AKSYON AN



1. Ki tip pyebwa ki bay fwi oubyen gwo pyebwa ki pa bay fwi ki egziste (oubyen ki pa egziste) nan rejyon Batis la ki kapab mache ak kakawo epi ak kafe pou rive genyen sistèm agwoforestye yo divèsifye, rann yo pwodui plis e reziste ak chanjman klimatik la?

Nan zòn Batis la, plizyè varyete pyebwa ki bay fwi oubyen gwo pyebwa ki pa bay fwi deja egziste epi yo kapab mache ak kilti kakawo a epi kilti kafe a, tankou :

- *Enga vera*, tout moun konnen sou non sikren, yon plant ki bay gous ki gen yon gwo enpòtan pou lonbraj ak azòt li fikse nan tè a;
- *Gwareya trickilyoyid* (bwa wouj), yon varyete pyebwa ki pa bay fwi ki gen itilite pou bwa konstriksyon;
- *Sekwopya peltata* (twonpèt), premye varyete ki grandi pi vit ki jwe yon wòl ekolojik enpòtan;
- *Tamariks galika* (sèd);
- Plizyè varyete pyebwa ki bay fwi ki ka pote anpil lajan epi bon pou sante tankou pye zaboka, pye mango, agrim yo (sitwon, zoranj) ak lorye.

Sepandan, kèk varyete ki gen ki gen gwo enpòtan agwo-ekolojik ak ekonomik ki poko vini ak yo nan zòn nan, sitou :

- *Jemelina aboreya*: yon varyete gwo pyebwa ki grandi pi vit, yo souvan itilize pou rebwazman oubyen pou pwodui bwa;
- *Samanaye saman* (saman), yon pyebwa ki bay lonbwaj yo renmen nan sistèm kafe yo pou valè tè fèy li ka bay lonbwaj;
- *Sondyas monben* (monben) : yon varyete pyebwa ki bay fwi twopikal ; ki kapab ogmante kantite bèt ak plant itil k ap viv nan sistèm yo.

2. Nan lis varyete pyebwa ki bay fwi ak gwo pyebwa ki pa bay fwi yo, ki espès nou ka multipliyè trè fasil nan pepinyè lokal koperativ lokal yo?

Plizyè varyete prezante bon kapasite pou yo multipliyè nan pepinyè lokal yo, paske yo gen kapasite pou yo devlope soti nan semans, bwa oubyen ti jèn plan yo, nan bon kondisyon teknik senp ki pa mande anpil depans pou fè sa. Men lis espès ki ka multipliyè trè fasil nan nivo lokal :

Sikren (*Enga vera*) :

- Multiplikasyon : ak grenn fre ki pouse rapid.
- Avantaj : grandi rapid, ki fikse azòt, ki bon anpil anpil pou fè lonbraj pou kakawo a.
- Enterè : byen adapte nan pepinyè lokal kominotè yo.

Zaboka (*Pèseya amerikana*) :

- Multiplikasyon : ak grenn oubyen grèf.
- Bezwen moun ki bon nan fè grèf si nou vle vin gen pi bon varyete.
- Potansyèl : wo nivo kòm pyebwa ki bay fwi ak lonbraj.

Lorye (*Kòdya alyodora*) :

- Multiplikasyon : grenn oubyen bwa (lorye a),
- Yo itilize pou lonbraj, bwa epi ede forè a pouse ankò.

Twonpèt (*Sekwopya peltata*) :

- Multiplikasyon : semans lejè epi ki an kantite
- Grandi vit, bon pou zòn k ap rejenere yo.

Bwa wouj (*Gwareya trikilyod*) :

- Multiplikasyon : semans, menmsi li yon jan plis teknik.
- Bon anpil pou bwa konstriksyon ak lonbwaj.

Mango (*Mangifera indica*) :

- Multiplikasyon : semans ou grèf.
- Ki fasil pou kiltive, ki grandi rapid nan pepinyè.
- Ki reziste nan sechrès depi yo byen plante yo.



SA POU KENBE

Ankouraje yon sistèm agwoforestye ki sèvi pou plizyè bagay epi ki mete varyete sa yo ladan kapab non sèlman pèmèt nivo pwodiksyon agrikòl la ranfòse ak rann estab lajan k ap rantre, men tou pou bay ekosistèm yo sa ki enpòtan yo gen bezwen (tankou kontwòl nivo chalè ak imidite, fè tè a vin pi rich, pwoteje biyodivèsite a plant ak bèt yo). Biyodivèsite se lavi!

Cette publication a été produite avec le soutien financier de l'Union européenne. Son contenu relève de la seule responsabilité des auteurs et ne reflète pas nécessairement les opinions de l'Union européenne.



Financé par
l'Union européenne

AGRICORD

